ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№129 (23.287) ● 2016 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 8, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Ю. А. КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щыхуэзащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым и къуэдзэ Бушмин Е. В.

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щыхуэзащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым и къуэдзэ Бушмин Евгений.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ дызэрыт илъэсым республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъум, 2017 гъэм, 2018, 2019 гъэхэм я лъэхъэнэм КЪБР-м и республикэ бюджетыр зэгъэкIуауэ, республикэм езым кIалэжьыжь хэхъуэхэр нэхьыбэ щыныр, экономикэм и IэнатIэ нэхъыщхьэхэм зегъэужьыныр, фейдэ пылъу лажьэ мэкъумэш, промышленнэ предприятиэхэр зэтегъэуэвныр и лъабжьэу зэхэлъхьэным пыщIа Iэуэхуэм.

Гулъытэ хэха хуащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр федеральнэ программэхэм тэмэму хэтынымкIэ, мэкъумэш щIапIэхэр щIэпщытыкIыныmрэ ахэр кадастр учётым гъэувыныmкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм.

Зыубгъуауэ зытепсэлъыхьа Iэуэхуэм ящыщщ коммерческэ банкэм ахъшэшхэу зыщIэхьщытыкIын хуей я щIыхуэхэм я пIэкIэ УФ-м и субъектхэм бюджетым кхыхжI кредитхэр яхухэхыныmкIэ зэхыпIэхэр.

ЗэIущIэм и кIэухым КIуэкIуэ Юрий Бушмин Евгений апхуэдэу ФедерацэмкIэ Советым хэтхэм фIыщIэ яхуищIащ республикэм къыпэщIэт зи чэзу социально-экономикэ къалэнхэр гъэзэщIэныmкIэ сыт щыгъуи зэрызыкъыщIагъакъуэм папщIэ.

ЗэIущIэм къарихьлIащ УФ-м и Правительствэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым щыIэ Яцкий А. В., УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэт Ульбашев Мухьэрбий сымэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Абы дегъэпIейтей

Егъэджэныгъэм - гулъытэ нэхъыбэ

КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КЪБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Емуз Нинэ зи пашэ ведомствэ зэхуаку лэжьакIуэ гулым и зэIущIэ иджыблагъэ щекIуэкIащ Налшык. Абы щытепсэлъыхьащ УФ-м и Президентым «Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ я IэнатIэхэм къэрал политикэр щыщIэгъэхуэбжьэным теухуауэ» и Указыр ди республикэм гъэзэщIа зэрыщыхъум. ЗэIущIэм хэтащ КЪБР-м и Къэрал чэнджэщгъу Къэрмокъуэ Хьчим.

ЗэХУЭСым доклад купщIафIэ щищIащ КЪБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Инжыджокъуэ Сэфарбий**. Абы и къэпсэлъэныгъэм кьыззорыхэщамкIэ, 2016 гъэм ирихьлIэу республикэм проценти 100-кIэ гъэзэщIа щыхъуащ илъэси 3-7-м ит сабийхэм гъэсапIэхэм щадеплэжьэным екъэпIа унафэр. Апхуэдэу лэжьапIэ IэнатIэкIэ кьыззэгъэпэща балигъхэм, си ныбжьыр илъэс 25-м щегъэжьауэ 65-м нэсхэм, я бжыгъэр нэхъыбэ хъуащ, 2015 гъэм епльытIмэ. 2020 гъэм ирихьлIэу зэпщIыкIыу хэхъуэнущ зэреджэ программэм и лейуэ зыдэлажьэ сабийхэм я бжыгъэми. Апхуэдэу зыужьныныгъэ ин ягъуэтынущ курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм яIэ Iэмалхэм. Гулъытэ хэха хуащIынущ зи узынщагъэм сэкъат иIэ ныбжьыщIэхэми.

Докладым кьыщIагъуащ икIи ар кьыззэпкърахащ зэIущIэм хэта нэгъуэщI къулыкъущIэхэми. ЖаIа псори кьыззэщIикъуэжу абы кьыщыпсэльащ **Емуз Нинэ**. Ведомствэ зэхуаку лэжьакIуэ гупым хэтхэм абы пщэрльэ яхуищIащ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ екъэлIа къэрал политикэр щIыпIэхэм зэрыщагъэзэащIэм я нэIэ трагъэтыну, зы илъэс, илъэси 3 зи ныбжь сабийхэр гъэсапIэхэм кIуэну Iэмал иIэным гулъытэ нэхъыбэ хуащIыну. Прохладнэ къалэм и администрацэм и IэщIагъэлIхэм чэнджэщ яритащ а щIыпIэм щаухуэ уней сабий садым и ухуэныгъэр 2017 гъэм зэфIагъэкIыну.

ТАМБИЙ Линэ.

Мэзхъумэхэр бэлэрыгъыркъым

Ди мэзхэм щIэс псэущхьэхэр хъумэным теухуауэ мэз хозяйствэхэм лэжьыгъэ пыухыкIа зэфIагъэкI.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ щIыуэпсымкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ ЛIызам Заур щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, мэзхъумэхэр кIэлъоплъ гектар мин 80-м. Инспекторхэр мыбэлэрыгъыу кIэлъоплъ Тхьалъ плъыжьым ихуа псэущхьэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэжьмрэ цIыхухэм зэран яхуэхъункIэ шынагъуэу зи бжыгъэр бзгъуакэмрэ.

Къапщтэмэ, мы зэманым ди щIыналъэм щыбэгъуэжащ мэз бжэнхэр, мыщэхэр, дыгъужьхэр, хьэгуцыдзэхэр, уашхэхэр. Мэзым щIэс псэущхьэхэм я бжыгъэр зытетын хуей мардэм щыщхьэдэхкIэ, щакIуэхэр кърагъэблагъэ. Нобэм къэс а лэжьыгъэр пщIэнэшэу кърахьэлIамэ, мы гъэм щыщIэдзауэ абыхэм я лэжьыгъэм уасэ пыухыкIа хуэзэнущ.

Инспекторхэр пэщIэтщ хуит ямыщIауэ мэзым щыщакIуэхэм. Абыхэм дяпэкIэ ткIийуэ етхъэкъунущ. Псом нэхъыбэрыр хабзэм утетыращи, щакIуэмэ дихьэх щалэгъуалэр зэбгъкъуэн хуэмей Iуэхугъуэхэм щагъэгъуазэ.

МЫЗ Ахьмэд.

Уэлбанэмрэ псы ежэххэмрэ

Мы махуэхэм зэкIэлъыкIуэу къэшха уэшхышхуэм и зэранкIэ псыхэр къиуащ.

ПСЫГУЭНСУ псыр хъущIежьэ ауэм кьыщIащIидзэу пакIэшхуэу къеха уэлбанэм псыр ямылейуэ игъэутхъуауэ икIи уэруи къехащ, Iуфэм Iут жыгхэри мывэ зэтелъкIэ къуэуа нэпкъхэри илъэсу. Псы Iуфэм Iус жылагъуэхэм (Зэрэгъыжьымрэ Псыгуэнсымрэ) хуэзу тельэ лъэмыкжэм метр ныкIуэм нэскIэ зыкъэзыIэта псыр зэран яхуэхъуакъым. АрщхьэкIэ щIыпIэ-щIыпIэхэм илъэс куэд хъуауэ Iулъ мывэ дуэзмрэ бетон гъэжакэмрэ щыIуихащ, унагъуэ хадзэмэ зыльэIэса яхэтщ. Псыр уэру щыщIэта зэманым зэран хуэхъуакъым Iуфэм Iут уэздыгъэ пкъохэм .

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Бадзэуэгъуэм и 8-р Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я урысейпсо махуэщ

Къэралым и зыужьныгъэм и пщалъэ

Илъэс зыбжанэ хъуауэ ди къэралым щагъэлъапIэ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я урысейпсо махуэр. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэм 2008 гъэм кьыхалъхьауэ щыта а махуэшхуэр щыху куэдым яфIэфIу яIэт, унагъэм илъын хуей зэкъуэгъныгъэм, зэгурыIуэныгъэм, лъагъуныгъэм я нэщэнэ инэжыпIэкIэ хъуауэ.

ЗАГС-м и Iэнатlэхэм бадзэуэгъуэм и 8-м щрагъэкIуэкI хабзэ гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм унагъуэ насыпыфIэхэм, быныфIэхэм тыгъэ хуащI а удз дахэ цIыкIур. Гуапагъэрэ хуабагъэкIэ гъэнщIа а махуэшхуэр йохьэ пщIэрэ нэмысрэ, зэгурыIуэныгъэрэ гулъытэрэ зэрыльэ дэтхэнэ унагъуэми.

КъытщIэхъуэ щIэблэр, ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ тету гъэса хъун папщIэ сакъыу тхъыумэн хуейщ игъащIами къыддекIуэкI хабзэ дахэхэр, щэнхабзэр, махуэшхуэхэр, дызэрыгушхуэ нэгъуэщI лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр. Абыхэм ящыщщ унагъуэр - жылагъуэр зэрыязэхэт Iыхьэ цIыкIур. Унагъуэращ цIыху гъащIэм и щIэдзапIэу яльытэр. Аращ лъагъуныгъэм, пщIэм, нэмысым, зэгурыIуэныгъэм, зэдзэIэныкъуэныгъэм я лъабжьэ быдэ гъэтIылъа щыхъур. Унагъуэм и зэIуэзэныгъэрщ къэралым бгъэдэль зыужьныгъэр къызэралъытэр.

Ди гуапэ зэрыхъущи, Къэбэрдей-Балъкъэрым ди пащIэкъым пщIэ зыхуэпщI, щапхъэ зытепх хъуну унагъуэфIхэр. Апхуэдэ унагъуэ дахэхэр махуэшхуэм ипэ къыхуэу щагъэлъапIащ республикэм и щIыналъэхэм къыщызэрагъэпэща гуфIэгъуэ пшыхьхэм. ЩIыпIэ администрацэхэм я лэжьакIуэхэмрэ ЗАГС-м и IэщIагъэлIхэмрэ зыхэт а зэIущIэхэм унагъуэ дахэ зыхуэа, щIэблэ екIу къызыщIэхъуэ зэщхьэгъусэхэр щагъэлъэпIащ, «Яку дэлъ лъагъуныгъэм, зэрызэхуэпэжым папщIэ» медалхэр, щIыхь, фIыщIэ тхьилъхэр щратащ, саугъэт зылапIэхэмкIэ щегъэпащ. Апхуэдэ унагъуэхэм ис цIыхухэм я зэфIэкI псори ирахьлIэ ди республикэм и зыужьныныгъэм, екъулIэныгъэм.

МахуэшхуэмкIэ гуапэу дохъуэхъу ар зыхуэгъэзэ цIыху псоми. Дэтхэнэми фи унагъуэхэм лъагъуныгъэ, насып, зэгурыIуэныгъэ илъу куэдрэ фыпсэуну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

«Си унагъуэ - си къулеигъэ»

Апхуэдэ фIэщыгъэ зиIэ зэпеуэ бадзэуэгъуэм и 10-м къыщыщIэрагъэпэщынущ КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм къепхауэ лажьэ «Радуга» республикэ сабий социально-реабилитацэ центрым.

САБИЙХЭР сурэт щIынымкIэ щIыззэхьэзэхуэну а Iуэхугъуэм и жэрдэмщIакIуэ хуауэ КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм кьепхауэ лажьэ ЩIалэгъуалэ советым спортымрэ туризмэмкIэ и кIудамэм хэт Нахуэ Алинэ. ЗэIущIэр ирырагъэхьэлIащ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я урысейпсо махуэм.

Зэпеуэм и кьалэн нэхъыщхьэр унагъуэм и пщIэр жылагъуэм кьыщIэтынырщ, апхуэдэуи сабийхэм ябгъэдэль творческэ зэфIэкIхэр наIуэ къэщIынырщ. Абы хэтыну гукъыдэж зиIэхэм я лэжьыгъэхэр ягъэхь хъунущ «Радуга» центрым е ЩIалэгъуалэ советым и электрон хэщIапIэм: ms_pri_op_kbr@mail.ru бадзэуэгъуэм и 10 пщIондэ. Сурэтхэр езы сабийхэм ящIауэ щытын хуейщ.

Сурэт зэпеуэм кьыхэлажьэ щIыпIэныгъэ ягъэпэжнущ щIыхь тхьилъхэмкIэ, саугъэт лъапIэхэмкIэ. КьинэмыщIауэ, нэхъыфIу кьалъыта сурэтхэр ЩIалэгъуалэ советым Интернетым щиIэ и сайтми иралъхьэнущ. Зэпеуэм хэт псоми сертификатхэр ратынущ.

УпщIэ зиIэхэм Нахуэ Алинэ зыпыфщIэ хъунущ мы телефонымкIэ: **79187201778.**

КЪАРДЭН Маритэ.

Зэпеуэм фыхэт!

Нобэ, бадзэуэгъуэм и 8-м, Налшык къалэ парким ит гъэмахуэ сценэм деж щекIуэкIынущ «Папэ, мамэ, сэ - дыспорт унагъуэщI» зыфIаща зэхьихьэ нэгъэзыужь.

КЪАЛЭ администрацэм и жэрдэмкIэ зохаубла нэгуэныжьым спортым къищынэмыщIа, акъыл жанагьыр щагъэунэху джэгуакIэхэмкIи щызэпеуэнущ, нэхъ жыджэрхэмрэ нэхъ жанхэмрэ саугъэт зэмылIэужьныгъэхэмрэ дипломхэмрэ иратынущ, щытекIуа зэхьэзэхуэ лIэужьныгъэм елъытта номинацкIэ зэщхьэщыхьаэ.

Сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 30-м зыщIидзэ махуэшхуэр зэхуащIыжынущ уэрэджвIакIуэ, хуэфакIуэ, артист ныбжьыщIэхэм я концерткIэ.

Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.



♦Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я урысейпсо махуэщ

♦УФ-м и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я ракетэдзэхэм я IэщIагъэлIым и махуэщ

♦1951 гъэм Франджым и щыхьэр Париж ухуэн щIадзащ.

♦1796 гъэм США-м я япэу паспорт тын щыщIадзащ.

♦1918 гъэм Киев къыщызэрагъэпэщащ Украинэм и Къэрал Сенатыр.

♦1944 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ кьыдигъэкIащ «Анэ-лIыхъужь», «Анэ щIыхь» орденхэмрэ щIэлъапIэхэмрэ, «Анагъэм и медалыр» къэщтэным теухуауэ.

♦1974 гъэм КПСС-м и ЦК-р арэзы техьащ Байкал-Амур гъущI гъуэгум и проектым.

♦1997 гъэм Урысейм кьыщащащ паспортым теухуа хабзэщIэ - къэралым и цIыхуу зи ныбжьыр илъэс 14 ирикъуа дэтхэнэми ар иIэн хуейуэ игъэуващ.

♦Совет физик лъэрызехьэ, академик, Нобель и саугъэтыр 1978 гъэм зрата **Капица Пётр** кьыззэралъхурэ илъэси 122-рэ ирокIу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цIыхубз артист **Мягков Андрей** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокIу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цIыхубз артист, Москва дэт «Сатирикон» театрым и художественнэ унафэщI **Райкин Константин** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокIу.

♦Кинорежиссёр, сценарийхэр зытх, продюсер, «Мосфильм» концерным и унафэщI, УФ-м и гуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м и цIыхубз артист, Урысейм и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфащэ **Шахназаров Карен** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокIу.

♦Актёр, уэрэджвIакIуэ, УФ-м и цIыхубз артист **Певцов Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокIу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Рутберг Юлие** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокIу.

♦Урысей уэрэджвIакIуэ, «Дыщэ граммофоныр» тIэунейрэ зыхуагъэфащэ, нэгъуэщI саугъэтхэри мыззмытIэу зрата **Фриске Жанэ** кьыззралъхурэ илъэс 42-рэ ирокIу.

♦Теннисисткэ цIэрыIуэ, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, дунейпсо зэпеуэ куэдым бжьыпэр щызыубыда **Мыскинэ Анастасие** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх кьыщещхьыныщ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЩIапIэ бухуэмэ, псынэр япэ игъэщ.

● Хъыбар гуапэ

Урысей бэнакIуэхэм я пашэу Махуэ Билал Олимпиадэм макIуэ, Джэду Iэниуаррэ Мудрэн Беслъэнрэ абы дэщIыгъущ

Махуэ Билал

Джэду Iэниуар

Мудрэн Беслъэн

Нартсанэ (Кисловодск) зыщыгъэсащ бэнакIэ хуитымкIэ ди къэралым и командэ къыхэхам и тренерхэм щэхуу дыгъуасэ ирагъэкIуэкIа IэIэтым ипкъ иткIэ яубзыхуащ, мазэ дэкIмэ Рио-де-Жанейрэ щыщIэзыдэзыр гъэмахуэ Олимп джэгухэм кIуэнухэр.

ГУПЫМ и пашэу щытыну хуагъэфэщащ 2012 гъэм Лондон щекIуэкIа Олимпиадэм и жэз медалыр къэзыхьа, дуней псом щэнейрэ и чемпион Махуэ Билал. Олимп джэгухэм щытемыкIауэ спортым хэмыкIыжьыну мурад зэрищIар зригъэхъулIэну абы Iэмал гъуэзэдж иджы иIэщ.

БэнэкIэ хуитымкIэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам Бразилием хьэлъэгъихкIэ зыкъыщIигъэлъэгъэнущ. Килограмми 125-м нэсхэм я зэпеуэм хэтыну Махуэ Билал къищынэмыщIауэ, Рио-де-Жанейрэ утыку къыщихьэнущ Европэм щэнейрэ и чемпион, килограмм 74-м нэс зи хьэлъагъ Джэду Iэниуар. Ари куэд дыдэкIэ узыщIигугъ хъуну бэнакIуэ лъащIэ.

Фигу къэдгъэкIыжьищи, шыщхьэуIум (августым) и 5-м щыщIэдзауэ 21 пщIондэ XXXI гъэмахуэ Олимп джэгухэр Бразилием и Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIынущ. ЗэкIэ зэраубзыхуамкIэ, абы хэтынущ адыгэ щIалищ - си цIэ къитIуа Махуэ Билалрэ Джэду Iэниуаррэ, къищынэмыщIауэ, дзюдомкIэ зэхьэзэхуэм зыкъыщигъэлъэгъуэнущ Европэм щэнейрэ и чемпион, дуней псом дыжьын медалыр кьыщызыхьа Мудрэн Беслъэн. ПщIэрэ щIыхьрэ яIэу ахэр утыку зэритынум щэн къытетхъэркъым икIи абыхэм я Iуэхугъэ зэрекIуэкIын дэ зыубгъуауэ фыщыдгъэгъуэзнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Пенсионерхэр компьютерым хуагъэсэнущ

● КЪБР-м и Правительствэм

КЪБР-м и Правительствэм и зэIущIэм дыгъуасэ щыхэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ социальнэ Iуэхущ1апIэхэм я мылъку-техникэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным. Премьер-министр Мусуков Алий иригъэкIуэкIа а зэIущIэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ Правительствэм и деж щыIэ комиссэ щхьэхуэхэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм.

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ и унафэкIэ федеральнэ мылъкум къыхагъэкIри КЪБР-м и къэрал мылъкум къыхагъэхьащ икIи республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм ирагъэбыдыIащ ягъэIэпхъуэ мылъкуу псори зэхэту сом мелуани 4-рэ мин 400-м щIигъу и уасэ. Апхуэдэу къащтащ социальнэ псэупIэ фондым хиубыдэ унэхэр нэхъ хъэныкъуэхэм зэгурыIуэныгъэкIэ зэрыхухах хабзэр, апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэ зыхуэфащэу къальытэхэр учётым зэрыратхэр икIи зэрыракъутыкIыж щIыкIэр.

Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым щIыгъуу зэфIагъэкIыну Iуэхухэм хиубыдэу Правительствэм и зэIущIэм къыщащтащ «КЪБР-м цIыхухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етыныmкIэ и Iуэхущ1апIэхэм я мылъку-техникэ зэфIэкIыр къэIэтынымрэ мылажьэж пенсионерхэр 2016 гъэм компьютерым хуэгъэсэнымрэ» социальнэ программэр. Ар гъэзэщIным пори зэхэту текIуэдэну сом мелуани 5-рэ мин 593-м щыщу сом зы мелуанрэ мин 674-р Пенсэ фондым къыхилъхьэнущ. Программэм хиубыдэу Шэрэдж районым социальнэ Iуэхутхъэбзэхэр зэфIэзыгъэкI и комплексым и унэр зэрагъэпэщыжынущ, Прохладнэ къалэм дэт сабий интернатым и пщэфIапIэмрэ шхапIэмрэ зыхуэ я Iуэхугъэнущ, пенсионер 350-м нэблагъэ компьютерым хурагъэджэнущ.

Правительствэм и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ «КЪБР-м зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iэхуэкъ» законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным. Законопроектым къыззрыщыгъэлъэгъуамкIэ, республикэм щыIэ суд участкэ 46-р 50-м нэгъэсыпхъэщ. Мы зэхъуэкIыныгъэхэр Парламентым щыпхыкIмэ, законыщIэм къару игъуэтын хуейщ 2017 гъэм и пэщIадзэм щегъэжьауэ.

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI Надежин Михаил зэIущIэм хэтахэр щыгъуазэ ищIащ Бахьсэн районымрэ къалэмрэ хиубыдэу псы Iуфэхэр гъэбыдэным икIащыпIэкIэ елэжьын зэрыкуейм икIи абы сом мин 400 зэрытекIуэдэнум. Республикэм щыуэпсым и хъугъэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Биттиев Хьэким зэрыжиIамкIэ, уэлбанэшхуэмрэ псыдзэмрэ зэтракъутахэр зэгъэпэщыжыным пыща лэжьыгъэхэм зрагъэубгъу, ахэр иджыри махуэ зыбжанэкIэ зэфIэкIынукъым, абы кьыхэкIыу кьыззрымыкIуэ щытыкIэм кьихьа зэщIыныгъэхэр кьызэранэкIын папщIэ хуэхаха ахъшэм иджыри сом мин 200 хуэдиз хущIамыгъужу хъунукъым.

УФ-м и цIыхубз хозяйствэм и Iуэхущ1апIэхэм папщIэ унафэщI кадрхэр гъэхъэзырынымкIэ щIыналъэ комиссэм, апхуэдэу республикэм Курорт-хэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и коллегием хэтхэм щыщхэр зэрахъуэкIащ. Апхуэдэу хэплъащ КЪБР-м Печатымрэ щIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и лэжьакIэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным.

БЕЛЫХ Наталье.

● КъБР-м и Парламентым

Щагъэплъ зэманым и закъуэщ уасэ щыщIатынур

КъБР-м и Парламентым и Президиумым «правительствэ сыхьэтым» щытепсэлъыхьащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатlэм щIалъэ кIыхьым тещIыхьа тарифхэр щызегъэкIуэным екъэIаУэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущхэм. Абы и жэрдэмщIакIуэу щытащ Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, ЖКХ-мкlэ, псэупIэ-энергетикэ комплексымкlэ и комитетыр. Iуэхур зыIутым тепсэлъыхьащ КъБР-м Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэм и Iэнатlэм щыкlэлъыплъынымкlэ и къэрал комитетым и унафэщIэ и къалэнхэр зыгъэзэщIэ Журавлёв Андрей.

КЪЭРАЛ комитетым уасэхэр зыгъуэн и лъэныкъуэкlэ 2015 гъэм къыпэщыта нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэну щытауэ къэпсалъэм къиулъытащ республикэм и коммунальнэ комплексым и Iуэхущ1апIэхэр хуабжкlэ, псыкlэ къызэрызэгъэпэщым хуагъэуэ тарифхэр пIалъэ кIыхьым тещIыхьыныр.

Федеральнэ законодательствэм тету Къэрал комитетым къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткlэ 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м къащтащ икIи къагъэсэбэпу щIадзащ зигъэувыну техникэ Iэмал яIэми. КъызэрагъащIэ Iэмэпсымэхэр щамыгъэувахэм деж гъэплъынымкlэ, псы хуабэ, псы щIыlэ етынымкlэ, псы ешэлlэнымкlэ хущIэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я мардэхэм щIагъу коэффициентхэр.

Къэдгъэлъэгъуа «щIагъу мардэхэр» щытщ хуаутIыпщ энергетикэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр къызэрапщ пщалъхэр нгъэувыным цIыху щхьэхуэхэр езыхэм я псэупIэмэ зэрыщыту зыщIэс унэхэми папщIэ нгъэувыным тезыгъэгушхуэ Iэмалу.

Апхуэдэу къэпсалъэм къагурагъэIуащ зи тарифхэр къэралым и нэIэм щIэт Iуэхущ1апIэхэм тарифхэр я Iэнатlэм хиубыдэ дэтхэнэми и финансэкономикэ щытыкIэм тещIыхьауэ зэрыхуагъэувым къыхэкIыу республикэ псом и Iуэхущ1апIэхэм я дежкlэ тарифхэм эрыхэхьуэнур зэхуэдэу зэрыщымытынур.

Зэрыщыту къапщтэмэ, газым, хуабэм, электрокъарум хуэдэ нэхъ Iуэхутхьэбзэ лъапIэхэмкlэ тарифхэм зэрыхъуэнур процентыр 3-м къыщыщIэдзауэ пщIэ нэхъ мащIэ зыщIат псым, псы щIэшэным я уасэм зэрызиIэтыну процентыр 7-м нэсущ. Тарифхэм зэрызэIатынур хуэмурэщ икIи занщIэу екъэIалащ Урысей Федерацэм и федеральнэ бюджетым процентыр 4-м щхьэдимыгъэхыну зыхуигъувыжа социальнэ къалэнхэм. «Ар щыхьэт тохъуэ зэрыщыту къэралми, щхьэхуэу ди республикэми тариф политикэр псоукlэр зэIымыгъэхьэным хуэгъэпсауэ къыззрыщынжьым», - кыхигъебледжьлыкIащ Журавлёв Андрей.

2016 - 2018 гъэхэм Урысей Федерацэм игъуэтыну зыхуагъэфащэ социально-экономикэ зыужьынигъэм ипкъ иткlэ 2016 гъэм тарифхэм процентыр 2-кlэ хэхъуэну ягъэуващ.

Езым и полномочиехэм къитIасэу Къэрал комитетым 2015 гъэм газым ирилажь Iэмэпсымэр газ кIуэнIэхэм технологие и лъэныкъуэкlэ пыдзэным ӀнатӀэрэ кIуэнIэхэм и Iэнатlэм щIалъэ кIыхьым ельытауэ щынэхъ мащIэ дыдэхэм ящыщщ. Ар зэхьэлIар газым и уасэм и закъуэкъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым щызекIуэ тарифхэр ди гъэнэгъу щынальхъэм щыIэхэм ельытауэ курытщ, - кыхиигъебледжьлыкIащ Журавлёв Андрей.

2016 - 2018 гъэхэм Урысей Федерацэм игъуэтыну зыхуагъэфащэ социально-экономикэ зыужьынигъэм ипкъ иткlэ 2016 гъэм тарифхэм процентыр 2-кlэ хэхъуэну ягъэуващ.

Езым и полномочиехэм къитIасэу Къэрал комитетым 2015 гъэм газым ирилажь Iэмэпсымэр газ кIуэнIэхэм технологие и лъэныкъуэкlэ пыдзэным ӀнатӀэрэ кIуэнIэхэм и дежкIи уасэр зыхуэдизыр игъэуващ. 2016 гъэм абы и индексацэр процентыр 7 хъуащ.

«Хъуэхэр зегъэкIуэным и Iэхъукlэ» Федеральнэ законым ипкъ иткlэ къэралым зэрыгъакIуэр цIыхур псэун папщIэ фIэкIыпIэ имыIэу зыхуей икIи мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ хущхъуэхэм (ЖНВЛП) УФ-м и Правительствэм хигъэзыахэрщ. Хущхъуэхэр зыгъэхъэзырхэм ягъэува уасэхэм зэрыщIагъуну мардэхэу республикэм щыIэхэр къащтащ «ЦIыхум псэун папщIэ фIэкIыпIэ имыIэу зыхуей икIи мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ хущхъуэхэм ЗНВЛП» УФ-м и Правительствэм хигъэзыахэрщ. Хущхъуэхэр зыгъэхъэзырхэм ягъэува уасэхэм зэрыщIагъуну мардэхэу республикэм щыIэхэр къащтащ «ЦIыхум псэун папщIэ фIэкIыпIэ зимыIэу зыхуей икIи мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ хущхъуэхэр зэрау тIыпщ опт, розничнэ уасэхэр зыщхьэдэх мыхъуну мардэхэр гъэувыным и Iэхъукlэ» КъБР-м Тарифхэмрэ энергетикэмкlэ и къэрал комитетым 2010 гъэм мазаем и 25-м къыдигъэкIа унафэ №07-м тету.

Ди гъэнэгъу щыIэныгъэ ебгъапщэмэ, кхыхэбгъащхъхуK1 хъунущ тумэнитхум нэс, тумэнитхум къыщыщIэдзауэ сом щитхум нэс я уасэ хущхъуэхэм псори зэхэту щIагъур КъБР-м зэрыщымащIэ дыдэр, сом щитхум щIигъу зи уасэ зэрачар.

Депутатхэр щIэупщIащ хуабэ, псы, газ кIуэнIэхэм ди республикэм процент 11-м къыщыщIэдзауэ процент 32-м нэс зэрикIуэдыкIым екъэIла Iуэхухэм. Къэпсалъэм занщIэу къыхигъэщхьэхукIащ абы икIуэдыкIхэр тарифым зэрыхамыгъэхьэр. ИкIуэдыкIхэм я пщалъэхэр игъэув, абыхэм щIигъу псори Iуэхутхьэбзэхэр къахуэзыщIэ компанием и хэщIыныгъэщ.

Абы къыдэкIуэу мы зэманым КъБР-м и Правительствэмрэ «Мортон» компаниемрэ инвестицэ меморандумым Iэ традзащ республикэм и къалащхьэр псыкlэ къызэгъэпэщыным и Iэнатlэр егъэфIэкIуэным теухуауэ. Абыи Iэмал къитынущ псым хэщIкэр игъэмэщIэну. «Мы зэманым компаниием дыхеГаплъэ езыр мы Iуэхум финансхэмкlэ зэрыхэтыну щIыкlэм. Дэ езыхэм зэхыдолъхьэ уасэкэр псынщIэу дэмыуеин папщIэ тарифхэм хуэм-хуэмурэ зэрыхэдгъэхъуэну Iэмалхэр», - къагурагъэIуащ Журавлёв Андрей. Мы зэгурыIуэныгъэм мылькуу халъхьащ сом медарди 4,7-рэ.

Абы къыдэкIуэу хабзэгъэувэкэр тепсэлъыхьащ псэунигъэ и лъэныкъуэкlэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ хущхъуэхэм я уасэкэр цIыкIуу къэгъэнэжьынымкlэ екъэIла Iуэхухэм къэралым и адрей щыналъхэкэм абы теухуауэ зэрагъэгъуэта опытыфIыр къэгъэсэбэпын зэрыхуейм.

* * *

Зэлущ1эм щытепсэлъыхьащ нэгъэущI Iуэхухэмк. Къэпщтэмэ КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, ЖКХ-мрэ гъэсныныгъэ-энергетикэ комплексымкlэ и комитетым и унафэщI Гриневич Валерий къызэхуэсар щыгъуаззэ ищIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ фэтэр куэд хуэу унэхэм я зэхуэдэ мылъкуэр капитальнэ ремонт щIынур къызэгъэпэщыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектым. Абы къыщыгъэлъэгъуащ щIыналъэ операторым и счётым къикIыу счет щхьэхуэм щыхуэкIуэну пIалъэр гъэмэщIэнр (илъэситIым къехыу мазищым хуэгъэкIуэным).

Абы къыдэкIуэу хабзэгъэуэм проектым зригъэубгъащ капитальнэ ремонтым екъэIла лэжьыгъэхэм я лIэужьыгъуэхэм. Псалъэм и хьэтыркlэ, абы хагъэхьащ капитальнэ ремонт щIыныкlэ сметэ документацэр игъэхьэзырыныр, проект документацэм и къэрал экспертизэ (къалэхуэу лэжьыгъэм теухуа законодательствэм егъэзэгъын щыхуейхэм деж) щыIэныр.

Президиумым хэтхэр тепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым 2016 гъэм и бжьыхьэ сессием зыхэплъэну Iуэху нэхъыщхьэхэм. Ар игъэхьэзыращ хабзэгъэувэ жэрдэмхэр къэIэтыну хуит псоми къыхьалъхьахэр я лъабжьэу. Бжьы-хьэ сессием хабзэгъэув проект 21-м щыIэхэпльэну, зы хабзэгъэув жэрдэм Къэрал Думэм къыщыхалъхьэну, парламент, цIыхубэ едэIуэгъэкIуэ 3, «стIол хъурейхэу» 4, «правительствэ сыхьэту», «комитетым и сыхьэту» 11, комитетхэм я зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэу 14 ирагъэкIуэкIыну, нэгъэущIхэри яубзыхуащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Мэкъумэш къыхэтхыкIыныгъэ

Псоми ди фейдэ зыхэлъ

Зэраубзыхуам тету, мэкъумэш мылъкур къыхэтхыкIыным теухуа Урысейпсо статистикэ къэхутэныгъэр бадзэуэгъуэм и 1-м къыхалъхьащ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэр «Къуажэм берычэт дэлъмэ - къэралыр зэпэщIу» къыхуеджэныгъэм щIэту ирагъэкIуэкIынущ.

АРАЩ зытеухуауэ щытар Къэбэрдей-Балъкъэрстатым махуэку кIуам щызэхэта пресс-конференцыр. Iуэхущ1апIэм и унафэщI Гъащтэ Аурикэ журналистхэр хигъэгъуэзащ иджырей мэкъумэш къыхэтхыкIым зэрыхуэхьэзыр, абы щIэуэ хэлъхэмрэ щалъэхэр щыкlэ щIыпIэ папщIэ, мы Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIащ. Нэхъ зэпкърыхауэ сыкъытеувыIэнщи, къыхэтхыкIыныгъэр тещIыхьащ мэкъумэшхэкIыу кърахьэлIэр, хозяйствэхэм я зэхэлъыкlэр, а Iэнатlэхэм заужьыныкlэ щыIэ Iэмалхэр къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэхэр, къуажэхэм я демографие щытыкlэр, мэкъумэш щIалIэу, гъавэ лIэужьыгъуэу, пхъэщхьэмыщхьэрэ хадзэкIыу зэрахьэр, Iэщрэ джэдкъазу игъэхъур, техникэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ зыхуэдэр гъэбелджылыным. Мэкъумэш мылькуу къыхэтхыкIын хуей псоми я спискэхэр хьэзырц. Iэнатlэ 123952-м дадэлэжьэнущ. Абыхэм ящыщу 460-р мэкъумэш организацэщ, 6745-р мэкъумэшышIэ (фермер) хозяйствэрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэрэщ, 114799-р уней лъапсэщ, 1812-р пхъэщхьэмыщхьэ зыгъэкI, хадзэкlэ зезыхьэ зэгухэныгъэрэ дачэрэщ. Псори зэхэту къуажэу, кIалэу, муниципальнэ щIыналъэу 119-рэ зэщIэдгъэхьэнущ. Къэрал статистикэмкlэ федеральнэ Iуэхущ1апIэм игъэува пщалъэхэм тету, къыхэтхыкIакIуэу 267-рэ, инструктору 45-рэ къыхэтхри, лэжьыгъэм хэдгъэхьэзыращ, зыщIэсыну, тхыльхэр щахъумэну пэшхэр зэпэщIу, - къыгъэлъэгъуащ Гъащтэ Аурикэ. Ар зэпкърыхауэ къытеувыIащ властым и къудамэхэм гулъытэ хэха зыхуащIыну Iуэхугъуэхэм. Апхуэдэущ иужьрей къыхэтхыкIыныгъэр зэрекIуэкI Iэндэрэ (2006 гъэ) мэкъумэш хозяйствэм къыщыхъуэ зэхъуэкIыныгъэхэр, къыщагъэсэбэп IэмалыщIэхэр зыхуэдэр, Iэщыхъуэхэмрэ гъавэгъэкIэмрэ къэрал субсидиехэр зэрыхуэхъ щыкlэр, ахэр зэрыхъур, кредит мылъкур къызэрагъэсэбэпыр, Iэнатlэхэм зегъэзужьыным халъхьэр зыхуэдизыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрстатым и унафэщIым и къуэдзэ Афашоковэ Кларэрэ Iуэхущ1апIэм и къудамэм и Iэтащхьэ Земляковэ Антонинэрэ къызэрыхатхыкI тхыльхэм, зэрыщIэупщIэ, зэхуэхьэс хъыбархэр зэрызэхалъхьэж технологием и Гъэпсыкlэр журналистхэм хуаIуэтащ, иужькlэ къыхэтхыкIакIуэм и фащэр, абы и теплъэр ягъэлъэгъуащ. Дэтхэнэми «Урысейстат» псалъэр зытет портфель щIыхэрэ паспортрэ иIыгъын, жилет щIыху щIигъын, «ВСХП» зытетха натlэIут кlэртIуэ щхьэрыгъын хуейщ.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкlэ, «2016 гъэм Урысейпсо мэкъумэш къыхэтхыкIым зыхуэгъэхьэзырын, ар ирагъэкIуэкIын папщIэ, щIыпIэ унафэр зезыгъэкIуэ Iэнатlэхэм къэрал полномочие щхьэхуэхэр етыным теухуауэ» мэлыжьхьэ кIуам и 12-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэрым и Закон №17-РЗ-м зэрыщыубзыхуам тету, къэрал мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум республикэм егупуу зыщыхуагъэхьэзыращ, дэтхэнэ зыми и къалэныр гурагъэIуащ.

Мыпхуэдэ Iуэхухэм ди цIыхухэр дапщэщи жыджэру хэтщ, ди Iэщ1агъэлIхэм гуапэу ебгъущIтщ, ефIэфIу екъадоIэпкlыу, я пщэрылъхэр къыдагъэпсыщIэри, иджыри зыкъытщIагъэкъуэну дащогугъ. Газетеджэхэм ягу къзэгъэкIыжыну сыхуей къыхэтхыкIым теухуа хъыбархэр хэIущIыу зэрымыщIынур, хабзэм къызэригъэувым хуэдэу, щэхуу зэрахъумэнур, - кхыхигъащащ Къэббалькъстатым и унафэщIым.

Иджырей мэкъумэш къыхэтхыкIым сом мелард 12,7-м нэблагъэ я къэралым щыкlухакащ. Абы къегъэIалъэу бадзэуэгъуэм и 1-м къыхалъхьа Урысейпсо статистикэ къэхутэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, ди зыужьныгъэмрэ зэIуэпэщынныгъэмрэ лъэныкъуэ куэдкlэ абы зэрепхар.

Мэкъумэш къыхэтхыкIыр щыщхьэIуIм и 15 пщIондэ екIуэкIынущ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Гъэмахуэ-2016

«Долинск» сабий зыгъэпсэхупIэр.

● Дэ къытхуатх

Зэи утщыгъупщэнкъым

Хэти анэр нэм ирегъапщэ, хэти псэм пещI. А тIум я Iэфlагъэр къызгурыIуэми си анэр куэдкlэ нэхъ сфIэлъапIэщ.

СИ АНЭ ЖьакIэ Къылимэ ильэс зыбжанэ ипэкlэ дунейм ехыжащ. Ар 1930 гъэм Старэ Урыху къуажэм къыщалъхуащ. И адэ-анэр пасэу зыIэщIэкIа хъуэджэбзыр сыт хуэдэ лэжьыгъэми хуэIэижьу къэтэджащ. Абы Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм зрипщытащ, дэрбзэру, технедонисткlэу, учётчикlыу лжьащ. А псом къищынэмыщIауэ, и шыпхъу нэхъыжьым и нэм ильаГурэтэкъыми, ари илъэс 60-м нэблагъэкlэ зэрихьащ.

Си адэ Хьэжбийрэ си анэмрэ тIури зеиншэу зрихьэлат. Арауэ къыщIэкIынт щысхь, зэхуэгъэкIуатэ, зэрыбгъэлIыкI яку дэлъу, зыш Iэпыхур адрейм къищтэжу, ягу зыхуэIэфIу щIызэдэпсэуар. Зыр сымаджэмэ, адрейри нэщхьейт, къыбгъэдэмыкIыу бгъэдэст.

Быныр я щхьэусыгъуэу лэжьыгъэр Iэщ1ыб зыщI куэд щыIэщ. Си анэр псоми зэрыхэнсэным хущIэкъурт: унагъэри, щхьэгъусэри, шыпхъу сымаджэри, лжьыгъэри къызыхуэтынщэу зэрихьэрт. Апхуэдэу пенсэм тIысыжьыу ирихьэкIащ. И Iэнатlэм гурэ псэкlэ зэрыбгъэдэтам папщIэ хуэфащэн дамыгъэ лъапIэ зыбжанэкlи ягъэгуфIауэ щытащ.

Сыт хуэдэ Iуэхури и кIэм нэгъэсауэ, зыхуей хуэзэу зэрызэфIэхынум ар яужь итт. Бзэ Iэфl иIэти, абыкlэ цIыхуххэр къыдихьэхырт.

Си анэм цIыхухэр фIыуэ илъагъурт, езыхэми къалъагъужьырт. Гъунэгъухэри благъэм пилъытырт, Iуэху зиIэм зэрызэфIэкIкlэ зыщIигъакъуэрт. Езыри цIыху хьэлэлт, и ерыскъыр япэ итт, нэхъыбэм яIуигъахуэм фIэфIт.

«ЦIыхур фIыуэ флъагъу, фи къару къызэрихькlэ фадэIэпкъу, фи ерыскъыр фымыгъэпщкlу», - псалъэ пэжхэр уэсяту къытхуигъэнащ ди анэр дунейм щекьжым.

Си дэлъху Арсен лэжьакIуэшхуэзу. Iуэхум щымышынэу, гугъуехьым пимыкIуэту мэпсэу. Си анэм и псэр хэлъым ярейт и щIалэ закъуэм, зыщимыгъэнщIуурэ дунейм ехыжащ. Нысэ хъыхуаща иужьи и быным хуигъэдащ, уеблэмэ, сэ нэхърэ нэхъыфIу имыльагъуауэ си фIэщ хуэртэкъым.

Си адэр, Тхъэм и шыкуркlэ, тхуэпсэущ. И къуэрылъху-пхъурылъхуэхэр, абыхэм къатехъуькlыжа цIыкlухэр и дамэщ, и гурыфIыгъуэщ. Абы нобэми игу кIеуэ зэпытщ и гъащIэ гъусэу щытар япэ зэрищащ. «Къылимэ жэнэтым зэрыщыIэм зым къытеСхьэркъым, сыт щхьэкlэ жыпIэмэ, ар гу къабзэ, зэхэщIыкI зиIэ цIыхут, и гур цIыхухэм яхуэлъхат. А бы и псэр куэдрэ ди деж къокlуэж, дыжейуэ, Iэ къыддельэри, мэкIуэж. Сэ ар къызощIэ», - жиIэ зэпытщ ди адэм. Сэ абы быри схущIыгъунукъым. Ар пэжщ.

БЛИЙ-ЛАШЭ Земфирэ.
Урыху къуажэ

● КъэралIуэхущIапIэхэм

Жэуаплыныгъэр ягъэлъэщ

Кадастр инженерхэм я лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэн мурадкlэ, «ЯмыгъэIэпэхуэ мылъкум и къэрал кадастрым и Iуэхукlэ» Федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» къащта Федеральнэ закон №452-ФЗ-м и Iуэхугъэ нэхъыщхьэхэм 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къару ягъэуташ.

Кадастр инженерхэм я лэжьыгъэр а законым зэкlэлъеГакIуэ, я хуитыныгъэхэр, я къалэнхэр, яхь жэуаплр зыхуэдэр егъэув.

Дяпэкlэ кадастр лэжьыгъэ езыгъэкIуэкIыну хуитыр мыхъур хэха зиIэ, илъэсищым и кIуэцIкlэ зэ мы нэхъ мащIэ зи щIэныгъэм хэзыгъахъуэ сом мелуанитIрэ мин щитхукlэ зи лэжьыгъэр страховани зыщIауэ зи Iуэхур зыубзыхуэр организацэм (СРО) хэт кадастр инженерырщ.

Кадастр инженерхэм и зэранкlэ хэщIныныгъэ ягъуэтмэ, страховани зыща страховой компанием кадастр лэжьыгъэр зи заказым ар хуепшыныж.

Кадастр инженерым и аттестат зиIэхэм 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 1 пщIондэ а тхыльыр къагъэсэбэп хъунущ. Абы и ужькlэ кадастр лэжьыгъэ езыгъэкIуэкIыну хуитыр зи Iуэхур зыубзыхуэр организацэм хэтхэрщ.

Тхьылъ нэпцIхэр къигъэсэбэпмэ, СРО-м и хабзэхэр къызэпидумэ, мылажьэфу е и къалэным пэмылъэщу судым къильытэмэ, взносхэр имытмэ, законодательствэр имыгъэззэщIамэ, игъэхьэзыр документхэм я процент 25-р, абы нэхъыбэр кадастр учётымкlэ органым мыпэжу къильытэмэ, зи Iуэхур зыубзыхуэр организацэм кадастр инженерыр хагъэхьыж. Кадастр щыуагъэкIэ зэрызэкIуэжьын хуейуэ кадастр учётымкlэ органым и унафи 10 е абы нэхъыбэ зыхуатха, апхуэдэу илъэсищкlэ кадастр лэжьыгъэ езымыгъэкIуэжьа кадастр инженерхэри СРО-м хагъэкIыж.

Кадастр инженерхэм я лэжьыгъэм цIыхухэм я тхьэусыхафэ куэд къызэриушэм къыхэкIыу мы законыр къащтащ. Абы къиГъэув къалэныщIэм зэфIэкI зыбгъэдэлъ, зи пщэрылъхэр фIагъ хэлъу зыгъэзащIэ кадастр инженерхэр игъэбелджылынущ.

ГЪУКIАКЪУЭ Инал.

● КъБР-м и Парламентым

Щагъэплъ зэманым и закъуэщ уасэ щыщIатынур

КъБР-м и Парламентым и Президиумым «правительствэ сыхьэтым» щытепсэлъыхьащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатlэм щIалъэ кIыхьым тещIыхьа тарифхэр щызегъэкIуэным екъэIаУэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм. Абы и жэрдэмщIакIуэу щытащ Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, ЖКХ-мкlэ, псэупIэ-энергетикэ комплексымкlэ и комитетыр. Iуэхур зыIутым тепсэлъыхьащ КъБР-м Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэм и Iэнатlэм щыкlэлъыплъынымкlэ и къэрал комитетым и унафэщIэ и къалэнхэр зыгъэзэщIэ Журавлёв Андрей.

КЪЭРАЛ комитетым уасэхэр зыгъуэн и лъэныкъуэкlэ 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м къащтащ икIи къагъэсэбэпу щIадзащ зигъэувыну техникэ Iэмал яIэми. КъызэрагъащIэ Iэмэпсымэхэр щамыгъэувахэм деж гъэплъынымкlэ, псы хуабэ, псы щIыlэ етынымкlэ, псы ешэлlэнымкlэ хущIэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я мардэхэм щIагъу коэффициентхэр.

Къэдгъэлъэгъуа «щIагъу мардэхэр» щытщ хуаутIыпщ энергетикэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр къызэрапщ пщалъхэр ягъэувыным цIыху щхьэхуэхэр езыхэм я псэупIэмэ зэрыщыту зыщIэс унэхэми папщIэ ягъэувыным тезыгъэгушхуэ Iэмалу.

Апхуэдэу къэпсалъэм къагурагъэIуащ зи тарифхэр къэралым и нэIэм щIэт Iуэхущ1апIэхэм тарифхэр я Iэнатlэм хиубыдэ дэтхэнэми и финансэкономикэ щытыкIэм тещIыхьауэ зэрыхуагъэувым къыхэкIыу республикэ псом и Iуэхущ1апIэхэм я дежкlэ тарифхэм зэрыхэхьуэнур зэхуэдэу зэрыщымытынур.

Зэрыщыту къапщтэмэ, газым, хуабэм, электрокъарум хуэдэ нэхъ Iуэхутхьэбзэ лъапIэхэмкlэ тарифхэм зэрыхъуэнур процентыр 3-м къыщыщIэдзауэ пщIэ нэхъ мащIэ зыщIат псым, псы щIэшэным я уасэм зэрызиIэтыну процентыр 7-м нэсущ. Тарифхэм зэрызэIатынур хуэмурэщ икIи занщIэу екъэIалащ Урысей Федерацэм и федеральнэ бюджетым процентыр 4-м щхьэдимыгъэхыну зыхуигъувыжа социальнэ къалэнхэм. «Ар щыхьэт тохъуэ зэрыщыту къэралми, щхьэхуэу ди республикэми тариф политикэр псоукlэр зэIымыгъэхьэным хуэгъэпсауэ къыззрыщынжьым», - кыхигъебледжьлыкIащ Журавлёв Андрей.

Властым и органхэм зыхуей псори ялэжь цIыхухэм папщIэ тарифхэм хэхъуэныр къамыгъэхъуным хуэунэтIауэ. Къэпсалъэм щапхъэ папщIэу къыхьащ Щэрэдж районыр. Абы Iуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэп псоми папщIэ зыуэ щыт экономикэ лъабжьэ зиIэ тариф щагъэувамэ (муниципалитетым и администрацэм цIыхухэм яхуитхэр щамыгъэIэжкlэрэ), хуабэм щIат тарифхэр процент 30 хуэдизкlэ нэхъыбэ щыкъунут.

Апхуэдэ къамыгъэхъун папщIэ Къэрал комитетым унафэ кIиштащ хуабэм ясиIт хуитъувыным теухуауэ: щхьэхуэу юридическэ лицохэм ятхэр процент 14,2-кlэ, цIыхухэм папщIэ - проценти 5,8-рэ къалэтыну.

Къэпсалъэм апхуэдэу зыкIбар къаригъэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым фэтэр куэду зэхэт унэхэм щыпсэухэм бадзэуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ хуабэм теухуа уасэр щагъэпIуну зэманым тещIыхьауэ фIэкIа зэрамытынур. А зэманыр ди щIыналъэм илъэс ныкъуэ щохъу. «Бадзэуэгъуэм и 1-м фэтэр куэд хъу унэхэм хубэм и уасэр зэрыщат хабзэщIэ ягъэув. Иджы уасэр гъатхэ-гъэмахуэ лъэхъэнэм ятынукъым. Хуабэ къыхьауэкIыу щыхуэзэ щIагъэпIа лъэхъэнэм и зэкъуэщ. Абы щыгъуэми, псори зэхэту ятын хуей хьэкъыр къонэж». Абы къыхиГъэщхьэхукIащ а лъэбакъуэр ди щIыналъэм и властхэм УФ-м и Правительствэм ищIа унафэм тету щагъэльапIэщ «Плъыфэхэм я фестивалым».

Лагерым апхуэдэу щылэжьащ щэнхабзэмрэ гъуазджэмкlэ гупжьейхэр. Колледжым и студент Неклеушев Павел зэрыжиIэмкlэ, волейболымкlэ зэрызэпеуари гукъынэжт.

Загъэпсэхуарэ я нэгуи зиужьауэ къэзыгъэззэжа щIалэгъуалэм фIыщIэ хуащIащ апхуэдэ тыгъэ къахуэзыщIа унафэщIэхэм, къыкlэлъыкlыу гъэ еджэгъуэри щытхъу яIэу яухыну псалъэ ятащ.

Нэхъыфlхэм хабжэ

«ЕхъулIэныгъэм и лъагапIэ» фIэщыгъэм щIэту Дон Іус Ростов къалэм щекIуэкIащ сабий зэчиифIэхэм я 1-нэ дунейпсо зэхьэзэхуэ.

«КъЭКIУЭНУР - сабийхэм» дунейпсо фондым къызэригъэпэща мы Iуэхур хуэунэтIат къыдэкIуэтей щIэблэм псэкупсэ гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэныр зэфIэкI зиIэхэм я зэныбжьэгъэгъэр егъэфIэкIуэнымрэ. Зэхьэзэхуэм хэтащ Урысейм и щIыналъэ 36-м къикIа цIыкIухэр.

Зэхьэхьэм я зэфIэкIкI щагъэлъэгъуащ икIи «Льэпкъ къафэхэр» лIэужьыгъуэхэмкlэ псоми ятекIуащ Нарткъалэ и «Радуга» ЦДО-м и «Дыгъэшыр» къафэкIуэ ансамблыр. Абыхэм дахащэу ягъэзэщIащ «Махуэшхуэ ислъэмей» къафэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Псомрэ гуэлхэмрэ фыщысакъ

Псымрэ гуэлхэмрэ фыщысакъ

● МЧС-м къет

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм республикэм щыпсэуухэм, хьэщIэхэм захуегъаазэ сакъыну, щынагъуэнщагъэмкlэ хабзэр ягъэзэщIэну.

ПСЫМ гуэвэгъуэ къыщымыхъун папщIэ Управленэм и лэжьакIуэхэм гъэмахуэм и пэ къихуэу къапщытащ дыгъэм зыщрагъэу зыгъэпскIыпIэхэу 8, псыхэм щIыхуэхэм я щынагъуэнщагъэхэр щыхъумэнымкlэ къудамэм (ОБВО) щытха, къагъэсэбэпыну хуит ящIа кхъуафэжьейхэм я гъэувыпIэу 3.

Абы кърикIараращи, щыхуэхэм дыгъэ зыщрагъэу, зыщагъэпскI хъунущ Прохладнэ къалэм и «Комсомольское» гуэлым, Май, Тэрч, Бахъсэн къалэхэм я гуэлхэм, Аушыджэр къужэм щыIэ «КФХ», «Къэнщауэ» псыхуабэ зыгъэпскIыпIэм, Шэрэдж районым и ипщэ Гуэл щхьэнтIэм.

Налшык и «Трек» гуэлым хуит щащIащ къъуафэжьейхэм я гъэувыпIэхэр къагъэсэбэпыну. Псыгъэхэр зэрагъэбыдэм къыхэкIыу «Курортнэ» гуэлыр къагъэсэбэпыну хуит ящIакъым. «ЕтIуанэ гуэлым» зыщыбгъэпскI хъунукъым.

